

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvoulè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

Operasyon Biwo Mè New York lan pou Rekiperasyon nan Lojman NYC (HRO)

FÒMILÈ POU DEMAND POU AKOMODMAN REZONAB (REASONABLE ACCOMMODATION REQUEST - RAR)

Si ou gen yon andikap epi ou bezwen asistans pou patisipe nan pwogram ak sèvis HRO yo, oubyen ou bezwen lojman pandan reparasyon oubyen rekonstriksyon ap fèt nan kay ou, ou kapab mande lojman sa a nan men HRO. Kèk egzanp mezi ki rezonab se pwogram randevou pou evite lè gen gwo sikilasyon nan lari an, asistans pou li fòmilè ak avi yo, epi fè tranzaksyon yo pa telefòn, faks oubyen lapòst, si sa posib. Anplis de sa, si ou elijib pou rekonstriksyon oubyen reparasyon kay ou a travè pwogram Build it Back ki nan HRO an, oumenm, oubyen yon moun ki rezide nan bilding ou an, kapab mande nòm akomodan pou moun enkapasite ki gen difikilte nan mobilite yo pandan konstriksyon an. HRO founi mezi rezonab pou akomode moun ki gen andikap pou asire moun sa yo resevwa yon aksè siyifikatif nan pwogram, benefis avèk sèvis HRO yo, epi pou asire travay reparasyon avèk rekonstriksyon yo HRO fè yo satisfè bezwen spesifik moun kap viv nan kay lan.

ENSTRIKSYON AK ENFÒMASYON

- Pou ede HRO pran yon desizyon o sijè de demand ou an pou mezi rezonab pou akomode ou, silvoulè, ranpli epi remèt **paj 2, 3 epi 4** nan fòmilè sa a epi remèt li nan:
**Mayor's Office of Housing Recovery Operations
Church St Station
P.O. Box 468
New York, NY 10008-0468**
- Ou kapab tou voye fòmilè yo pa faks nan nimewo **(212) 312-0857** oubyen voye yo pa imèl nan adrès **legal@recovery.nyc.gov**
- Se pou ou soumèt nenpòt dokiman medikal pou jistifye demand ou an avèk fòmilè sa a ou fin ranpli an oubyen anvan **20 jou** pase apre ou fin depeze demand lan.
- Silvoulè mande nan klinik kote ou swiv lan pou yo ranpli epi siyen Fòmilè Demand Enfòmasyon Medikal (*Request for Medical Information Form*) ke wap jwenn nan pakè sa a, oubyen mande yo bay dokimantasyon medikal ki konvab ki ekri sou papyè ak antèt doktè an epi ki siyen epi se pou yo remèt fòmilè/dokimantasyon an ba ou.
- Se ou ki gen responsabite pou remèt dokimantasyon medikal ou bay HRO pou jistifye demand sa a.
- Si eta sante ou oubyen eta mantal ou fè sa difisil pou ou ranpli fòmilè sa a, ou kapab kontakte HRO nan nimewo **(212) 615-8017** pou yo ede ou.
- Si eta sante ou oubyen eta mantal ou fè sa difisil pou ou rasanble dokimantasyon medikal ou pou jistifye demand ou, ou kapab kontakte HRO nan nimewo **(212) 615-8017** oubyen voye yon imèl bay HRO nan adrès legal@recovery.nyc.gov pou yo ka ede ou. Silvoulè ranpli papyè otorizasyon pou revele enfòmasyon sante pèsonèl la ki rele HIPAA Authorization for the Disclosure of Individual Health Information (NYS OCA Form No. 960). Wap jwenn fòmilè sa a tou nan pakè dokiman sa a. Lè fini, voye li nan adrès:
**Mayor's Office of Housing Recovery Operations
Church St Station
P.O. Box 468
New York, NY 10008-0468**
- HRO ap voye yon lèt ba ou nan lapòst pou akize resepsyon Demand Mezi Rezonab pou Akomodman.
- HRO pral etidye tout dokimantasyon oumenm avèk doktè ou remèt li epi li pral voye yon avi ba ou o sijè de detèminasyon nou o sijè de Demand pou Akomodman Rezonab ou an.

FÒMILÈ POU DEMANDE AKOMODMAN REZONAB (REASONABLE ACCOMMODATION REQUEST - RAR)

Non (An lèt detache): _____ **#Aplikasyon** _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès postal: _____

- 1) Eske ou resevwa Swen a Domisil oubyen yon Oksilyè vin lakay ou? Wi Non

So ou reponn "wi" pou kekyon 1, silvouplè di konbyen èdtan ou resevwa pa jou, konbyen jou pa semèn ou resevwa sèvis yo epi rezon an/yo ki fè ou resevwa swen a domisil.

- 2) Bay yon deskripsyon eta medikal oubyen mantal ou, akomodman rezonab wap mande an epi poukisa akomodman an nesesè. (Ajoute lòt fèy papyè anplis si sa nesesè epi nenpòt enfòmasyon medikal ou chwazi bay pou jistifye akomodman ou mande an.)

- 3) Si demand ou an se pou yon akomodman rezonab pandan peryòd resepsyon epi evalyasyon aplikasyon yo pou pwogram HRO yo, eske wap mande tou itilizasyon nòm aksesibilite nan konstriksyon (pou moun ki gen enkapasite pou yo mache) pandan etap konstriksyon an, si ou elijib pou epi ou chwazi pou resevwa sèvis reparasyon oubyen konstriksyon pwogram yo ofri?

Wi Non

- 4) Si ou te reponn "wi" pou kekyon 3, silvouplè dekri akomodman nan domèn konstriksyon ou ta bezwen an/yo.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Siyati: _____

Non an lèt detache: _____

Siyati
Reprezantan Otorize: _____ **Dat:** _____

Non an lèt detache: _____

FÒMILÈ POU MANDE ENFÒMASYON MEDIKAL (REQUEST FOR MEDICAL INFORMATION FORM)

ENSTRIKSYON POU FOUNISÈ SWEN MEDIKAL

Pasyan ou mande pou Biwo La Meri New York lan pou Rekiperasyon nan Lojman (HRO) bal yon akomodman/modifikasyon rezonab pou li kapab resevwa aksè siyifikatif nan pwogrm, benefis avèk sèvis HRO yo. Silvouplè bay yon deskripsyon detaye sou eta fizik/mantal spesifik pasyan ou genyen an/yo epi ki anpeche pasyan ou fè sèten bagay epi patisipe nan sèten aktivite, di tou ki akomodman/modifikasyon rezonab ki nesèsè epi rapò ki genyen ant akomodman/modifikasyon an epi anpèchman pasyan an. Ou kapab ajoute lòt enfòmasyon medikal avèk fòmilè yo jan sa nesèsè.

Silvouplè remèt fòmilè sa a bay pasyan lè ou fini.

Non Pasyan an (Lèt Detache): _____ **Dat Nesans:** _____

Non founisè swen an: _____

Adrès Founisè Swen an: _____

Nimewo Telefòn Founisè swen an: _____

1) Silvouplè eksplike eta medikal epi/oubyen mantal pasyan an:

2) Silvouplè bay yon deskripsyon detaye sou restriksyon/limitasyon presi pasyan an genyen epi ki afekte kapasite pasyan an genyen pou li fè sèten babay epi patisipe nan sèten aktivite. Silvouplè dekri kòman anpèchman an afekte jan pasyan an fonksyone kotidyènman.

FÒMILÈ POU MANDE ENFÒMASYON MEDIKAL (Swit)

- 3) Eksplike si eta pasyan an pèmanan oubyen tanporè. Si eta pasyan an tanporè, di silvouplè konbyen tan eta an kapab dire.

- 4) Eksplike ki tretman, si genyen, pasyan an ap swiv aktyèlman ki an rapò avèk eta medikal epi/oubyen mantal li, e sa gen ladan l nenpòt remèd oubyen terapi, men san toutfwa eksli lòt bagay.

- 5) Silvouplè dekri akomodman rezonab pasyan an bezwen, si genyen, **pandan pworesi aplikasyon pou benefis Vil lan** epi rapò ki genyen ant akomodman an pei eta medikal epi/oubyen mantal pasyan an.

- 6) Dekri silvouplè akomodman/modifikasyon rezonab pasyan an bezwen, si genyen, nan sa ki konsène **konstriksyon oubyen reparasyon kay pasyan an (pa egzant pou moun ki limite nan kapsite yo pou yo deplase)** epi rapò ki genyen ant akomodman an epi eta medikal/mantal pasyan an.

- 7) Eske eta fizik epi/oubyen mantal pasyan an fè sa difisil pou pasyan an fè aktivite ki make pi ba yo? Si repons lan se wi, silvouplè bay yon deskripsyon konplè sou difikilte pasyan an genyen pou chak kategori ou make yo):

Mache epi/oubyen Monte Eskalye. Dekri: _____

Vwayaje epi/oubyen Pran Transpò Piblik. Dekri: _____

Fonksyon Mantal (sètadi, konsantre, sonje, konprann). Dekri: _____

Chita oubyen Kanpe pandan pandan lontan. Dekri: _____

Ale kote gen anpil foul. Dekri: _____

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.
Siyati Founisè Swen an: _____

Nimewo Lisans Founisè Swen an: _____